



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISPONIBILITE JISKA 158 MILYON DOLA POU AVANSE PLAN DAKSYON K'AP KONBAT SANZABRI

*Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri pou Founi 128 Milyon Dola nan Finansman Kapital pou Pwojè Lojman Sipò Pèmanan yo; Reparasyon Abri Ijans*

*Gen Jiska 30 Milyon Dola nan Finansman Fonksyonman ak Sèvis ki Disponib Tou Atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè a*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse piblikasyon de demann pou pwopozisyon pou pwogram ki bati ak sipòte lojman sanzabri toupatou nan eta a. Ansanm, Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) rann 158 milyon dola disponib pou pwojè ki pral akeyi Nouyòkè yo k'ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri epi bay sèvis sipò ki vize adrese koz pwofond enstabilite lojman yo. Finansman sa a ap kontinye travay plan lojman senk ane ki evalye a 20 milya dola san parèy Gouvènè a, ki ap kreye oswa prezève 100,000 inite lojman abòdab epi ki estimile devlopman plis pase 6,600 inite lojman sipò toupatou nan eta a.

"Pou anpil moun ki fè fas a sitiyaasyon sanzabri, ensekirite lojman se sèlman sentòm yon pwoblèm fondamantal ki pi grav menm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè yo ki adrese alafwa bezwen abri ak bezwen sipò pou moun ki ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri yo nan avangad efò nou yo pou asire tout Nouyòkè gen yon kote ki an sekirite, ki estab pou yo viv. Pwogram sa yo reprezante yon investisman enpòtan nan kominote nou yo ak pou asire yo pa kite moun ki pi frajil nan mitan nou yo ap deperi nan lari yo."

Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (HHAP) Eta New York ap bay jiska 128 milyon dola nan finansman kapital pou pwojè ki pwopoze pou konstwi inite lojman ki bay sipò oswa pou repara abri ijans yo - yon montan ki double alokasyon ane anvan an. Anplis de sa, Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (ESSHI) ap aksepte pwopozisyon pou jiska 30 milyon dola pou sèvis ak fonksyonman lojman sipò kontinyèl pou moun k'ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri epi ki gen bezwen espesyal yo, kondisyon espesyal, oswa lòt defi nan lavi yo.

Baze sou angajman pou plan lojman senk ane, ki evalye a 20 milya dola li a, bidjè eta 2021 Gouvènè Cuomo te pibliye a ogmante finansman ki disponib pou Pwogram

Asistans ak Lojman pou Sanzabri soti nan 64 milyon dola rive nan 128 milyon dola. Finansman sa a gen ladan 5 milyon dola ki destine pou lojman sipò pou veteran ki sanzabri yo; 5 milyon dola pou lojman sipò pou moun ki gen SIDA ki ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri yo; ak 1 milyon dola pou reparasyon nesèsè nanabri ijans yo.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repara lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa New York State Homeless Housing and Assistance Corporation (Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Moun ki Sanzabri nan Eta New York), ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA).

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase 1.2 milya dola pou devlopman lojman sipò. O total, pwogram nan kreye plis pase 22,000 inite lojman pou sipòte moun ak fanmi ki ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri yo.

**Komisè OTDA, Mike Hein te deklare,** "Angajman san parèy Eta New York pou agrandi kantite lojman sipò nan tout eta a se yon apwòch bon sans pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè nan yon kote ki san danje epi ki abòdab pou yo viv. Avèk ogmantasyon san parèy sa a ki plis pase doub finansman ki disponib nou yo, nou ka sipòte plan vizyonè Gouvènè Cuomo a pou diminye sanzabri nan tout eta a epi pou fè chanjman enpòtan nan kominote yo ki ap debat ak enstabilite lojman an".

Etabli an 2016 e administre pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, Inisyativ Lojman Sipò Empire State la se yon pwogram senk ane ki fèt pou finance depans sèvis la ak depans fonksyonman yo omwen 6,000 inite lojman sipò pèmanan pou popilasyon ki a risk yo. Inisyativ la vize pou li pi byen kowòdone resous yo ki soti nan plizyè ajans yo nan eta a, kidonk sa k'ap pèmèt yon pwogramasyon ki plis dinamik ak yon aplikasyon ki pi rapid.

Jiska prezan, inisyativ sa a founi sèvis ak finansman fonksyonman pou plis pase 4.600 inite lojman sipò. Finansman ki afekte nan ane sa a pral ede kreye yon lòt 1,200 inite nan tout eta a.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare,** "Lojman ki estab bay moun k'ap viv ak maladi mantal ki a risk pou fè fas ak sitiyaasyon sanzabri sipò ke yo bezwen pandan y'ap adrese defi yo. Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè Cuomo a pote nouvo espwa rekiperasyon pou dè milye Nouyòkè vilnerab ki t'ap fè fas ak enstabilite ak ensètitid nan lavi yo".

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Investisman 158 milyon dola sa a pral elaji sèvis enpòtan pou Nouyòkè ki gen pi gwo risk pou fè fas ak sitiyaasyon sanzabri ak avanse plan lojman 5 ane agresif Gouvènè Cuomo a ki evalye a 20 milya dola, pou kreye 6,000 inite lojman sipò pou Nouyòkè yo. Pandan yon pandemi mondyal,

pa gen pi gwo bezwen pase pwoteksyon ke sèlman yon kay ki san danje, an sekirite ak abòdab ka bay. Angajman nou pou abòde kriz aktyèl sa a ak kontinye batay nou kont sityasyon sanzabri vle di nou dwe asire ke gen resous ki disponib pou ede moun jwenn bon jan kalite lojman epi pou yo rete ladan".

**Komisè Biwo Sèvis pou Alkolis ak Toksikomani an (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), Arlene González-Sánchez te deklare,** "Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè a se yon vrè benediksyon pou popilasyon n'ap sèvi a. Nouvo seri demann sa a pou pwopozisyon yo pral pèmèt founisè nou yo pou aplike pou sipò pou kreye lojman san danje, ki bay sipò pèmanan pou moun ki sanzabri ki ap fè fas ak yon twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans".

**Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare,** "Lojman ki estab enpòtan pou chak Nouyòkè, men pi espesyalman pou moun k'ap kouri pou sityasyon vyolans domestik yo ak pitit yo oswa ak jèn moun san yo pa gen yon refij ki san danje. Pwojè lojman sipò tankou sa a founi estabilite lojman - ki se yon fondasyon ke Nouyòkè ki vilnerab yo ka rebati lavi yo sou li kòm sitwayen endepandan, k'ap travay epi k'ap kontribiye".

**Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòpmantal yo, Dr. Theodore Kastner, te deklare,** "Pwogram konsa yo pèmèt jefò yo, sou lidèchip Gouvènè Cuomo, pou ekipe Nouyòkè ki gen andikap devlòpmantal yo pou yo ka vin manm ki ap patisipe nan kominote pa yo. Lojma bòdab ak sipò se fondasyon pou yon kominotè entegre epi li ede asire moun nou sipòte yo viv ak kè kontan, ak yon vi epanouyi".

Yo kapab jwenn demann pwopozisyon pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a [isit la](#).

Yo kapab jwenn demann pwopozisyon pou Inisyativ Lojman Sipò Empire State la [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)